



Pou Piblikasyon Imedya: 07/11/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL PWOKLAME NOVANM MWA APRANTISAJ ETA NOUYÒK

*Nouvo kanpay pwomosyonèl mete aksan sou benefis aprantisaj anrejistre pou Nouyòkè yo ak biznis yo nan tout Eta a*

*Efò pou enfòmè elèv yo sou bon jan fòmasyon, san dèt pou karyè demen yo*

*PSA pou Mwa Sansibilizasyon sou Aprantisaj la disponib sou [YouTube](#)*

Pou twazyèm ane konsekitif, Gouvènè Kathy Hochul jodi a [te pwoklame](#) Novanm Mwa Aprantisaj Eta Nouyòk kòm yon pati nan sipò kontinuèl li nan modèl devlopman mendèv ki trè efikas sa a k ap ede prepare pwochen jenerasyon Nouyòkè yo pou karyè demen yo. Nan kad anons la, Depatman Travay Eta Nouyòk (New York State Department of Labor, NYSDOL) te lanse yon nouvo kanpay sansibilizasyon piblik ki gen komisè Reardon ak Komisè Edikasyon Eta Nouyòk la Betty Rosa k ap pwomouvwa aprantisaj anrejistre kòm yon fòm edikasyon siperyè ki souvan san dèt. NYSDOL ap travay tou ak NYSED pou ankouraje ak edike distri eskolè yo sou chemen pozitif sa a pou jwenn travay ki pwofitab.

"Chak Nouyòkè merite yon gouvènman eta ki solid, ki estab ak ekitab, nou konte sou travayè eta nou yo pou bay sèvis enpòtan nou konte sou yo chak jou", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ogmantasyon salè sa yo pral pèmèt nou kenbe ak atire ajans eta nou yo ak anplwaye gouvènman yo, pou nou kapab kontinye misyon nou pou pote pi bon kalite sipò Nouyòkè yo ap atann ak merite, kounye a ak alavni."

Nan kad Mwa Aprantisaj la, NYSDOL te devwale detay sou Somè Aprantisaj Eta Nouyòk pou ane 2024 la, ki pral dewoule 14 novanm a 9:30 a.m. nan Sal Reyinyon 6 nan Empire State Plaza Convention Center nan Albany. Somè a pral reyini ekspè nan devlopman mendèv, defansè, ak moun ki gen enterè yo pou kolabore sou fason pou elaji divèsite, abòde baryè, epi atire sipòtè pwogram nan fòm edikasyon siperyè sa a. Aprantisaj ki anrejistre bay Nouyòkè yo aksè a bon jan kalite karyè atravè aprantisaj nan travay ak ansèyman siplemantè nan salklas. Apranti yo kapab pote lakay yo yon chèk pou sipòtè tèt yo ak fanmi yo, san fado dèt prè elèv yo.

**Komisè Depatman Travay Eta Nouyòk la, Roberta Reardon, te deklare,** "Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li kontinye sipòtè aprantisaj ki anrejistre yo, epi paske

li rekonèt kijan bon jan kalite fòmasyon esansyèl nan plan li pou pwosperite ekonomik. Mwen espere ke atravè dènye kanpay sansibilizasyon piblik sa a, patnè edikatif yo pral ankouraje jèn Nouyòkè yo pou yo konsidere aprantisaj ki anrejistre kòm yon chemen solid pou yon karyè siksè."

NYSDOL sipèvize pwogram aprantisaj ki anrejistre yo, an patenarya ak Depatman Edikasyon Eta a (State Education Department, SED), ki apwouve pati Enstriksyon ki gen rapò ak pwogram nan. Aprantisaj anrejistre yo gen yon fòmasyon estandatize ki alinye ak bezwen endistri an tan reyèl, reglemante pa règleman nan nivo eta ak federal epi li gen ladann yon kalifikasyon ki nasyonalman rekonèt ak pòtab lè yo fini. Eta Nouyòk gen plis pase 17,000 apranti aktif k ap patisipe nan plis pase 900 pwogram atravè eta a. NYSDOL kontinye elaji pwogram lan nan nouvo sektè epi li ankouraje biznis tout gwosè yo pou yo konsidere itilize modèl sa a pou satisfè bezwen mendèv k ap evolye yo.

**Komisè Edikasyon Eta Nouyòk la, Betty A. Rosa, te deklare,** "Pandan Depatman Edikasyon Eta a ap travay pou transfòme kondisyon gradyasyon yo pou pi byen satisfè bezwen elèv yo epi prepare yo pou mendèv demen an, elaji opòtinite aprantisaj yo pi enpòtan pase anvan. Non sèlman aprantisaj yo ofri youn nan chemen ki pi dirèk pou elèv yo antre nan yon karyè ki pral peye yon salè desan, men yo ka souvan fini san difikilte finansye ki ka soti nan prè elèv yo. Mwen remèsye NYSDOL pou patenarya kontinyèl yo pou konble diferans ki genyen ant mendèv eta nou an ak potansyèl ineksplwate elèv nou yo."

**Rektè SUNY an, John B. King, Jr., te deklare,** "Aprantisaj ouvri pòt pou karyè enkwayab ak mobilite asandan, souvan pou yon ti frè oswa pa gen okenn frè pou adilt k ap aprann, epi nan SUNY nou enkòpore dènye teknoloji a pou fasilite aprantisaj pratik ak satisfè bezwen mendèv jodi a. Mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul ak patnè nou an, Komisè NYSDOL Roberta Reardon, pou devouman ak sipò kontinyèl yo nan devlope pwogram esansyèl sa yo atravè Nouyòk."

**Rektè CUNY an, Félix V. Matos Rodríguez te deklare,** "Apranti yo bay Nouyòkè yo yon chemen dirèk nan travay epi se poutèt sa yo enpòtan anpil pou travay CUNY pou elaji aksè ak filyè soti klas pou ale nan karyè. Nou apresye anpil efò ki gen plizyè aspè sa yo ke Gouvènè Hochul ak Komisè Reardon ak Rosa ap fè pou elimine baryè yo, ankouraje sansibilizasyon ak elaji opòtinite pou elèv CUNY yo patisipe nan pwogram pre-aprantisaj ak Aprantisaj Anrejistre nan Eta Nouyòk."

**Manm Asanble, Harry Bronson, te deklare,** "Antanke Prezidan Komite Asanble sou Travay la, mwen kwè pwogram fòmasyon solid enpòtan pou atenn objektif ekonomik Eta nou an, epi modèl touche pandan w ap aprann lan entegral pou lanse moun nan siksè karyè. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak DCS paske yo te pran mezi pou sansibilize alafwa patnè edikatif yo ak elèv yo sou opòtinite enkwayab ki genyen nan pwogram estaj ki anrejistre yo. Nan pwoklame Novanm Mwa Aprantisaj Eta Nouyòk la, n ap fè konnen Nouyòkè yo gen yon chemen solid ki mennen nan bon jan kalite karyè anrichisan ak salè pou soutni fanmi."

Moun ki enterese aprann plis sou aprantisaj ak opòtinite nan divès okipasyon, vizite: <https://dol.ny.gov/apprenticeship/>. Biznis ki enterese aprann plis sou aprantisaj ki anrejistre yo ta dwe [ranpli fòmilè sa a](#).

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)